



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN KI POTE TRANSFÒMASYON NAN ENÈJI BON MACHE, EFIKASITE KONSTRIKSYON, AK LÈ AK DLO PWÒP

Anonse garanti enèji bon mache, yon pwogram pilòt ki se premye nan peyi a pou asire Nouyòkè k ap patisipe yo pa janm peye plis pase sis pousan nan revni yo nan elektrisite

Plan an ta livre 200 milyon dola soulajman nan bòdwo sèvis piblik pou plis pase 800,000 fanmi New York

Mete New York sou wout pou nouvo konstriksyon ki gen zewo emisyon ak eliminasyon pwogresif nouvo ekipman chofaj a konbistib fosil yo

New York pral investi 500 milyon dola nan finansman dlo pwòp epi ede kominote ki defavorize yo gen aksè nan èd finansye

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a investisman nan enèji bon mache, konstriksyon pwòp epi efikas, lè pwòp, ak dlo pwòp, nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta a an 2023. Pwopozisyon an ap kreye garanti enèji bon mache pou asire ke Nouyòkè k ap patisipe yo pa janm peye plis pase sis pousan nan revni yo nan elektrisite. Gouvènè Hochul anonse tou gen 200 milyon dola soulajman pou bòdwo sèvis piblik pou jiska 800,000 fanmi New York k ap touche pi piti pase 75,000 dola pa ane ki pa kalifye kounye a pou pwogram rabè pou sèvis piblik aktyèl Eta a. Anplis, Gouvènè Hochul te anonse yon seri inisyativ dekarbonizasyon konstriksyon anbisyè, k ap genyen ladan l nouvo konstriksyon ki gen zewo emisyon ak eliminasyon pwogresif vant nouvo ekipman chofaj a konbistib fosil yo. Anons sa genyen ladan l tou investisman 500 milyon dola nan dlo pwòp, ki asosye ak kreyasyon Ekip Asistans Kominotè yo pou ede kominote ki defavorize yo gen aksè nan èd finansye.

"Eta New York ap dirije ak egzanp epi mete an mouvman yon ajennda odasye pou fè pwomosyon enèji bon mache, diminye emisyon yo, epi investi nan lè ak dlo pwòp," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Garanti pou enèji bon mache ki se premye nan peyi a ap ede fanmi k ap travay di yo pandan n ap mete anplas plan klima ki pi anbisyè nan peyi a epi trase yon wout pou yon New York ki pi pwòp, pi sen pou jenerasyon k ap vini yo."

Abòde enèji bon mache a

Anplis pou fè yon Pwogram Plafònman ak Envestisman pwogrese nan tout ekonomi an ki sipòte rabè inivèsèl pou kliyan yo, Gouvènè Hochul ap pwopoze yon seri politik pou kouvri fanmi ki pi vilnerab yo pou yo pa ogmante pri enèji yo pandan l ap fè tranzisyon vè emisyon ki pi ba a pwogrese. Aksyon yo genyen ladan yo:

- **Bay 200 milyon dola soulajman pou bòdwo elektrisite ki wo.** Eta New York ap bay yon kredi pou apeprè 800,000 fanmi ki fè mwens pase 75,000 dola pou ede peye bòdwo elektrik ki chè yo.
- **Asosye sipò bon mache ak modènizasyon kay ki pa gen gwo revni yo atravè pwogram Pilòt EmPower Plus.** EmPower Plus ap ede 20,000 fanmi ki pa gen gwo revni amelyore kay yo lè yo ajoute izolasyon, modènize aparèy efikasite enèji yo, epi chanje de chofaj a konbistib fosil ki kreye polisyon a lòt chwa elektrik ki pwòp, efikas. Kay ki kalifye atravè pwogram EmPower Plus la elijib tou pou Gariti Enèji Bon Mache a lè yo elektrifye nèt. Pwogram pilòt sa ki se premye nan peyi a ap asire Nouyòkè k ap patisipe yo pa janm peye plis pase sis pousan nan revni yo nan elektrisite. Pwogram EmPower la te sèvi plis pase 14,000 kay an 2022 epi yo prevwa pou EmPower Plus atenn 20,000 fanmi nan ane k ap vini a atravè yon konbinezon mezi entanperizasyon ak elektrifikasyon, k ap diminye itilizasyon enèji a nan fason konsiderab epi livre plis pase 17,000 tòn metrik emisyon ki evite - gras ak yon antre 200 milyon dola nan nouvo sipò Eta a.
- **Oryante Group Travay sou Enèji pou Ti Revni an**, ki konpoze ant ajans Eta ki administre pwogram enèji bon mache yo, pou fè efò touswit pou amelyore aliyman pwogram ki egziste yo epi rasyonnalize pwosesis administratif pou ogmante aksè nan sèvis sa yo ek enpak lajan piblik yo.

Envesti nan lè pwòp epi diminye emisyon yo

Pou amelyore kalite lè a epi diminye emisyon nan divès sektè yo, Gouvènè Hochul ap:

- Egzije nouvo konstriksyon ki gen zewo emisyon, san konbisyon gaz fosil sou plas vè 2025 pou imèb ki pi piti yo, epi vè 2028 pou imèb ki pi gwo yo.
- Pwopoze pou New York pran yon pozisyon lidè nan peyi a pou entèdi vant tout nouvo ekipman chofaj a gaz fosil vè 2030 pou imèb ki pi piti yo epi an 2035 pou imèb ki pi gwo yo, ansanm ak sistèm gaz fosil ki lye yo pou tout bilding yo.
- Fè yon sistèm bay nèt alfabetik pou pi gwo bilding yo nan tout a ki baze sou itilizasyon enèji yo pou ede jesyonè bilding yo fè chwa ki enfòm pou diminye bòdwo ak emisyon elektrisite yo.
- Apiye envestisman New York ki se lidè nan peyi a nan elektrifikasyon transpò lè li mande Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service, DPS) pou idantifye epi elimine baryè pou deplwaye enfrastrikti rechaj pou veyikil mwayen ak veyikil lou yo nan fason ki efikas epi apwopriye.
- Mande Biwo Pak, Lwazi, ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York la pou alimante tout elektrisite etablisman yo apati de sous enèji renouvlab vè 2030 lè li pwodui pwòp elektrisite

li epi bay lòt resous vè yo priorite tankou enèji solè kominote oswa achte enèji renouvlab nan lòt etablisman lokal yo.

- Kreye yon Biwo Tranzisyon ki Jis (Office of Just Transition) pou santralize epi dirije planifikasyon Eta a pou yon tranzisyon ki jis; New York ap premye eta ki fè yon estrikti ki konsakre pou reyalizasyon yon tranzisyon ki jis nan tout ekonomi an pwogrese pou travayè ak kominote ki afekte yo ki depase tranzisyon chabon an epi ki abòde fason pou soti nan lòt gaz fosil yo.

Envesti nan Dlo Pwòp

Gouvènè Hochul ap envesti 500 milyon dola nan finansman dlo pwòp pou soutni kalite dle ak pwojè enfrastrikti yo epi pwoteje sante piblik. Pou eksplwate investisman sa yo epi asire kowòdinasyon ki kontini ak gouvènman lokal yo, Gouvènè Hochul ap devlope Ekip Asistans Kominotè, k ap fè sansibilizasyon ki aktiv pou ti kominote riral epi ki defavorize yo epi ede yo jwenn aksè nan èd finansye pou reponn a bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo.

Pou apiye aksyon anvan Eta yo pou konbat kontaminan k ap emèje tankou sibstans ak polifliyoalkil yo (per- and polyfluoroalkyl substances, PFAS), Gouvènè Hochul ap tabli yon pwogram k ap ofri èd finansye bay minisipalite yo pou fè ankèt sou sous kontaminasyon an epi netwaye sit ki kontamine yo pandan senk pwochen ane yo. Nouvo pwogram sa ap bay resous pou bezwen kominote New York pou elimine pwodwi chimik sa yo nan anviwònman nou yo epi pwoteje dlo pwòp.

Diminye dechè epi envesti nan pwogram resiklaj lokal yo

Dechè solid se katriyèm pi gwo eleman ki kontribye nan gaz efè sè k ap chanje klima yo. Pou pwoteje kominote yo epi soulaje chaj la sou minisipalite ak kontribyab yo, Gouvènè Hochul ap pwopoze Lwa sou Diminasyon Dechè ak Enfrastrikti Resiklaj la, ki chanje responsablite resiklaj la bay pwodiktè yo epi ki retire l sou kontribyab yo. Eta New York ap devlope yon nouvo estrateji diminasyon dechè ki efikas k ap ogmante pousantaj resiklaj yo, ekonomize lajan gouvènman yo, kreye travay, epi pwoteje anviwònman an. Pwogram nan ap egziye ke New York atenn pousantaj resiklaj ki patikilye pou materyèl yo, kreye pousantaj limite kont ki resikle apre konsomasyon yo, epi ede asire ke resiklaj la apwopriye pou konsomatè yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York ak Ko-prezidan Konsèy sou Klima Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Nou konnen yo santi depans enèji ki anpil ke konsomatè yo fè fas jodi a nan tout kominote New York yo. Poutèt sa, Gouvènè Hochul te pwopoze yon ajennda ki odasye ki konsantre sou fason pou sekirize enèji nan pri abòdab ak yon konsantrasyon patikilye sou Nouyòkè sa yo ki bezwen plis sipò yo pi plis ke se nan soulajman bòdwo oswa rann kay yo pi efikas sou plan enèji. Sa ki ale nan menm sans ak sipò sa se abòde koz prensipal emisyon gaz efè sè nou yo, envantè konstriksyon eta a, epi chèche konstri bilding ki gen zewo emisyon nan pwochen deseni an pou bay espas pou viv ak travay ki pi sen epi pi konfòtab. Pandan n ap abòde pwoblèm sa yo anfas, nou konnen

ke pou reyisi fondman nou an dwe konstui pou tout Nouyòkè ka benefisye nan fason ki ekitab nan tranzisyon vè yon ekonomi vè."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Pwopozisyon nan Diskou sou Sitiyasyon Eta Gouvènè Hochul la ak investisman ki soutni yo bay aksyon sou klima ak anviwònman ke eta nou an ak peyi a bezwen. Apwòch konplè sa ap ranfòse efò kontini nou pou pwoteje kalite dlo ak lè, atake pwoblèm chanjman klimatik la, epi reyalize potansyèl ekonomik yon avni ak enèji pwòp. DEC fyè pou fè patenarya ak ekspè nan sektè piblik ak prive yo pou reyalize objektif Gouvènè a pou rann New York pi pwòp, pi sen, pi dirab, epi pi abòdab pou Nouyòkè yo."

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare, "Pou dezyèm ane konsekitif, Gouvènè Hochul ap bay soulajman finansye san presedan pou kontribyab sèvis piblik yo. Depatman an pare epi pa ka tann pou aplike vizyon li pou rabè sou sèvis piblik ki ogmante yo epi pou aprann sou fason pou pilote yon pwogram Garanti Enèji Bon Mache ki se premye nan peyi a pou fanmi ki pa gen gwo revni k ap patisipe yo. Pandan n ap kontinye emèje de deranjman ekonomik COVID-19 la epi avèk volatilite pri matyè premyè mondyal yo ajoute sou chaj enèji fanmi Nouyòk yo, nouvo inisyativ enèji bon mache Gouvènè a vini egzaktman nan bon moman an."

Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare, "Pak Eta New York yo pami pi gwo eritaj anviwònman nan Eta New York, epi nou angaje pou fè sistèm pak nou an tounen yon modèl dirabilite. Lidèchip Gouvènè Hochul nan devlopman enèji renouvlab la ap mete Pak Eta New York yo nan ban devan pwoteksyon resous natirèl ki inovan, pandan l ap kreye plis travay nan ane k ap vini yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal Eta New York la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ke enfrastrikti dlo pwòp sipòte kominote ak ekosistèm ki pi solid, pi an sante, epi fè pwomosyon devlopman ekonomik. Sou lidèchip Gouvènè Hochul, New York kontinye ap bay èd finansye san presedan pou ede kominote yo amelyore kalite dlo a. Li enpòtan anpil pou bay asistans teknik ki sible pou ede kominote ki nan bezwen yo gen aksè nan finansman eta ak federal ki enpòtan ki disponib. EFC pa ka tann pou kolabore ak patnè nou yo nan gouvènman an pou mete anplas inisyativ ki vize pi lwen sa epi ede kominote yo fè modènizasyon ki vital nan dlo potab ak egou yo, diminye enpak chanjman klimatik la, epi abòde pwoblèm anviwònmanal, sante piblik, ak kalite lavi yo."

###